# ÓZBEKSTANDA OPERA JANRÍNA BIR NÁZER

**Nasırov M. B.**
*Ózbekstan Mámleketlik Kórkem-óner hám mádeniyat ınstitutı*
*Nókis filialı asisstent oqıtıwshısı*

**Tayanısh sózleri:** *Ózbekstanda opera janrı*
**Klyuchevıe slova**: *Janr uzbekskoy operı*
**Key words**: *The genre of Uzbek opera*

Túrkistanda uzaq jıllar dawamında rus intellektual, sawatlı, oqımıslı insanlardıń jasap, olardıń kórkem ónerge bolǵan qızıǵıwshılıǵı nátiyjesinde Tashkentte rus opera teatrı ashıladı. Opera teatrınıń shólkemlestiriwinde tiykarǵı túrtki bolǵan jáne biri Italiya opera toparınıń 1900-jılı Tashkentte bolǵan gastrolları (dóretiwshilik sayaxatları) bunda tiykarǵı sebepshi bolǵan. Italiyalıqlar Tashkentte «Rigoletto», «Traviata», «Trubadur», «Karmen», «Payacı», «Faust» sıyaqlı operalardı rus hám basqa da xalıqlardıń intellektual insanlarǵa tanıstıradı. Sonıń menen birge rus intellektual insanlar óz koncert dástúrlerinde batıs hám rus klassik kompozitorlarınıń simfoniyalıq shıǵarmaları, operalarınan úzindilerdi, simfoniyalıq syuitalardı atqarıwları menen rus opera teatrın shólkemlestiriliwinde óz úlesin qosqan. Opera teatrınıń birinshi spektaklleri A.S.Dargomıjskiydiń «Rusalka», P.I.Chaykovskiydiń «Evgeniy Onegin» operaları bolǵan. Opera janrınıń keńnen tarqalıwı sebepli rus opera teatrı saxnasında Dj.Verdidiń «Rigoletto», Sh.Gunonıń «Faust», A.Rubenshteynniń «Demon», P.I.Chaykovskiydiń «Pikovaya dama», M.Musorgskiydiń «Boris Godunov», A.S.Borodinniń «Knyaz Igor», Dj.Verdidiń «Traviata», «Aida, Dj.Puchchinidiń «Bogema», Dj.A.Rossinidiń «Sevilskiy ciryulnik» dóretpeleri saxna júzin kórdi. Rus opera teatrınıń artistleri Ózbekstan wálayatlarına shıǵıwların shólkemlestirip opera janrın ózbek xalqı arasında keńnen tanıta basladı hám bul xızmeleri ózbek operaların tiykar salıwına sebepshi boldı.

30-shı jıllardıń II-yarımınan baslap birinshi ózbek operaları payda bola basladı. Bular S.Vasilenko hám M.Ashrafiylerdiń «Buron» operası menen R.Glier hám T.Sodiqovlardıń «Layli va Majnun» operaları edi.

«Buron» operası bes aktli úlken shıǵarma bolıp onıń mazmunında 1916-jılı Jizzaxta bolıp ótken ózbek xalqınıń patsha húkimeti menen bolǵan gúresiwleri óz kórinisin tabadı. Kóterilis bastırılǵan bolsa da biraq ózbek xalqınıń azatlıqqa shıǵıw ushın umtılıs, háreketleri shıǵarmada tiykarǵı maqset bolıp qalǵan.

**Operanıń qısqasha mazmunı** Baydan qarızdar bolǵan Buron atlı diyxannan jerlerin tartıp aladı. Biraq sol waqıtta Buron Jwra atlı ulın Nargúlge úylendiriw kerek edi. Qońsıları Buronǵa qárejetten járdem berip toydı baslaydı. Toy háwijinde jergilikli

ámeldarlar kelip ózbek jigitlerin basqa qalalarǵa “Márdikárlikke” alıp jibermekshi boladı. Biraq ámeldarlar óz perzentlerin qaldırıp jarlılardıń balaların jibermekshi boladı. Diyxanlar qarsılıq kórsetip jası úlkendi aldıradı. Buron basshılıǵında bir topar otryad tawǵa shıǵıp ketedi. Olarǵa Jwra da qosıladı. Patsha tárepinen jiberilgen áskerler awılda biraz qan tógip hám solar qatarında Nargúl de nabıt boladı. Buronnıń úyine ot qoyadı. Sol waqıtta Buron basshılıǵındaǵı otryad awılǵa kirip kelip patsha áskerlerin quwıp jiberedi.

Operanıń qısqasha mazmunın (librettosın) Komil Yashin jazadı. Onda eki sistema qarama-qarsılıǵı, xalıqlar arasındaǵı doslıq anıq óz tásirin kórsetedi. Operadaǵı tiykarǵı qaharman bul xalıq. Xalıq Buron basshılıǵında patsha sistemasına qarsı gúresedi.

Operada júdá kóp xalıq qosıqları «Gúl oyını», «Girya qazaq», «Chamanda gul», «Tanovar», «Oq oydin kechalar», «Farǵonacha»-lar kompozitorlar tárepinen orkestrge maslastırıp shıǵarma mazmunın bayıtıwǵa sebepshi boladı.

«Buron» operasında Hamzanıń «Ishchi bobo», «Biz ishchimiz», «Hoy ishchilar» qosıqların qollanılǵan. «Buron» da ariyalar onsha kóp bolmasa da biraq bar ariyalar obrazları xarakterlerin kórsetip beriwde salmaqlı muzıkalıq shıǵarmalar qatarına kiredi.

S.Vasilenko menen M.Ashrafiy bul operanı altı ay dawamında dóretip 1939-jılı 25-mart ayında tamamlaydı. «Buron» operasın saxnalastırıwda bir qansha qıyınshılıqları da boladı. Birinshiden bul jańa janrdı saxnada atqarıwda artistlerge qolaysızlıqlar tuwdırdı, sebebi muzıkalı drama menen opera arasında úlken parq bar edi. Biraq usınıń menen birge milliy ózbek awızeki dástúrleri menen baylanıslı bolǵan saxnalar hám atqarıwshılarǵa hám tıńlawshılarǵa da jaqsı keypiyat baǵıshlaydı.

«Buron» operasın saxnalastırıwı bul eki (rus hám ózbek) arasındaǵı doslıqtı bekkemlewde hám eki kompozitorlar S.Vasilenko hám M.Ashrafiylardıń dóretiwshilik birge islesiwleri tımsalı boldı.

Opera 1939-jılı Tashkentte saxnalastırılıp ózbek muzıkalı drama teatrı Ózbek Mámleketlik opera hám balet teatrına aylanadı. Tiykarǵı rollerdi Halima Nasırova (Nargúl), Karim Zokirov (Buron), Fotima Boruxonova (Zebiniso) atqaradı.

Ózbek operasınıń dúnyaǵa keliwi bul zaman talabı bolıp respublikamızdıń mádeniy rawajlanıwına jáne bir úlken qádem bolıp esaplanadı.

«Buron» operası menen bir qatarda G.M.Glier hám T.Sodiqovlardıń «Layli va Majnun» operası dóretili hám bul shıǵarma A.Nawayınıń sol atamadaǵı poeması tiykarında jazılǵan.

**Operanıń qısqasha mazmunı.** Layli atlı arap qáwimi baslıǵınıń qızı Qays atlı jigitti jaqsı kóredi. Layli Qaystiń muhabbat qosıqlarına, hayal-qızlardı táriyipleytuǵın shıǵarmaların jaqsı kórip qalǵan edi. Biraq sharayat nızamlarına kóre Qays islam dinine qıyanet qılǵan, sebebi hayallardı erkekler menen teńlestirgen. Ruhanıylar

Qaysti-Majnun, yaǵnıy diywana dep kemsiter edi. Adamlardıń dıqqat itibarına túsip qalǵan Qays Layli menen bolǵan muhabbatın aqırına shekem jetisiwine isenim payda bolmaǵannan soń sahralarǵa, jabayı haywanlar arasına shıǵıp ketedi. Layli bolsa atasınıń ıqtıyarı menen bay kisi Ibn-Salomǵa turmısqa shıǵıw kerek bolǵanda jaqsı kórgen jigiti Qaysti qumsap aladı. Onıń qábiri ústinde Qaysta jan beredi. Olar qayǵıların tek ǵana jaqın aǵayin-tuwısqanları tutadı. Eki muhabbat qábirinde eki qızıl gúl ósip shıǵarma eken, bul-ólmes muhabbat hám hámiyshe jaslıq tımsalı edi.

«Layli va Majnun» operasında obrazlar ariyalarında ózbek muzıka miyrası-maqomlar, xalıq naması hám qosıqları tiykar bolıp onda «Iroq», «Segoh», «Ushshoq», «Chorzarb», «Chorgoh», «Bayot», «Chapandozi guler»-lar qollanılǵan.

40-50 jıllar dawamında Alisher Nawayı atındaǵı Mámleketlik opera hám balet teatrı saxnasında bir neshe opera shıǵarmaları saxnalastırıladı. Onıń repertuarınan rus, shet el opera hám balet shıǵarmaları, sonıń menen birge usılar qatarına tuwısqan xalıqlar kompozitorlarınıń shıǵarmaları hám teatr saxnasınan orın iyeleydi. D.Kabalevskiydiń «Taras oilasi», T.Xrennikovdiń «Buronda», G.Mayborodanıń «Arsenal» hám A.Kozlovskiydiń Ózbekstanda dóretiwshilik islegen «Uluǵbek» operaları solar qatarına kiredi. Biraq kózge kóringen kemshiliklerden eń tiykarǵısı bul milliy ózbek operaların dóretiwshiligi hám olardı saxnalastırıwdan ibarat edi. Sonıń ushın da 1947-1967 jıllar dawamında bir neshe ózbek milliy operaları dóretilip teatr saxnasında qoyıldı. Aldıńǵı jıllar saxnalastırılǵan operalar: S.Vasilenko hám M.Ashrafiylardiń «Uluǵ kanal», R.Glier hám T.Sodiqovlardıń «Gulsara», T.Jalilov hám B.Brovsinlardıń «Toxir va Zuxro», G.Mushel hám V.Uspenskiylerdiń «Farxod va Shirin» operaları menen bir qatarda jańa dóretiwshilik islegen ózbek milliy operaları da áste-aqırın muzıka kórkem óneriniń opera janrında dóretiwshilikleri saxna júzin kóredi. Bular-M.Ashrafiydiń «Dilorom», T.Sodiqov, B.Zeydman, Yu.Rajabiy, D.Zokirovlardıń «Zaynab va Omon», S.Boboevtiń «Hamza», M.Yusupovtıń «Xorazm qwshiǵi», M.Ashrafiydiń «Shoir qalbi», R.Hamroevni «Zulmatdan ziyo» shıǵarmaları bolıp tabıladı.

Joqarıda atalǵan shıǵarmalar arasında A.Nawayınıń «Sa'bai sayyor» poemasınan «Dilorom» operası dramaturglar K.Yashin hám Mumtoz Muhammedovlar menen kompozitor M.Ashrafiydiń ózbek klassik ádebiyatınan zamanagóy shıǵarma dóretiwde islegen xızmetleri ózbek muzıka mádeniyatında ayrıqsha orındı iyeledi.

Tórt akt hám jeti kartinadan ibarat «Dilorom» operası A.Nawayı atındaǵı Mámleketlik opera hám balet teatrı saxnasında qoyıladı. Waqıyalar patsha hám ámeldarlardıń xalıqqa bolǵan ayawsızlıǵı hám zulımınan xalıq narazı bolıp kóterilisi, Diloromdı kúsh penen almaqshı bolǵan patsha Baxrom hám onıń sheriklerine qarsı kóterilgen gúres fonında júz beredi. Dilorom ayawsız patshaǵa boysınbaydı hám óz ómirin qurban etip namıs hám muhabbatın saqlap qaladı.

**Operanıń qısqasha mazmunı**. Bay Uluǵ Xoja úyinde onıń qulı bolǵan gózzal qosıqshı Dilorom er jetedi. Dilorom ájayıp xudojnik Monidi jaqsı kórip qaladı. Moni óz muhabbatın Uluǵ Xojadan satıp alıwǵa hám oǵan úyleniwge qarar etedi. Biraq gózzal Diloromdı patsha Bahromdı kórip oǵan jaqsı kórip qaladı hám úlken sawǵalar ornına Diloromdı Uluǵ Xojadan ózine satıp aladı. Moni Diloromdı júdá kóp izleydi hám aqırı Baxrom patsha dárgayında tabadı. Biraq Baxrom patsha Monidi zindanǵa taslap Diloromdı óz sarayına qamap qoyadı. Sebep penen paydalanbaqshı bolǵan Baxrom patshanıń wáziri Ardasher Dilorom qolına záhár berip Baxrom patshanı óltiriwdi buyıradı. Baxrom patsha sarayında úlken bázim bolıp ótedi. Bázimde jeti gózzal qatnasıp hár biri óziniń ónerin kórsetedi. Dilorom da óziniń muhabbatı haqqındaǵı muńlı qosıǵın aytadı. Ardasher bergen záhárdi Dilorom ózi ishpekshi bolıp turǵanda Ardasher onı qolındaǵı ıdıstı alıp Baxrom patshaǵa uzatadı, biraq patsha bul ıdıstı gózzallardan birewine beredi. Gózzallardıń biri onı iship óledi. Baxrom patsha bul waqıyadan ashıwlanıp Monidi asıwǵa hám Diloromdı shólistanlıqqa alıp barıp taslawǵa buyıradı. Shólistanlıqta boran kóteriledi. Dilorom óz muhabbatı Monidi shaqıradı. Diloromdı izlep júrgen Moni jetip keledi hám eki jas ushırasadı. Dilorom Monidiń qolında jan beredi.

Kompozitor M.Ashrafiy operanı dóretiwde xalıq namalarınan hám qosıqlarınan sheberlik penen paydalanǵan. Jeti gózzal kórinisinde tájik, iran, hind hám arab namaların qollanıp gózzallar obrazların jáne de bayıtadı.

Moni ariyasın dóretiwde xalıq naması bolıp «Karimqul-begi»di qollanǵan. Monidiń basqa ariyasında «Navo» maqomınan «Saroxbori navo» nı sheberlik penen qayta maslastırılǵan.

Dilorom ariyaları hám qosıq kórinisin súwretlewde jaǵımlı hám hawazlı muzıkalar menen sol obraz ashıp beriledi. Baxrom patsha, Uluǵ Xoja obrazların kórsetiwde kompozitor sol shaxslarǵa tán namalardı dóretken. Patsha sarayındaǵı bázimlerde atqarılǵan muzıkalar hám óziniń saltanatlı, quwnaqlıǵı hám oyın-kúlkige maslıǵı menen tıńlawshılardıń dıqqat-itibarın ózine tartadı.

Tek ǵana Ózbekstanda emes bálkim pútkil Orta Aziyada birinshilerden bolıp komik opera janrında shıǵarma dóretiw kompozitor Salamon Yudakovqa miyassar boldı. Ol insan Hamza qálemine tiyisli «Maysaranıń isi» komik operasın dóretedi.

**Operanıń qısqasha mazmunı**. Maysara apanıń kishkene úyine jas ashıq-mashıqlar Maysaranıń jiyeni padashı Choponali hám gózzal Oyxon ushırasadı. Eki jastıń úyinde ushırasqanın ǵarrı Qozi hám mirshab Xoja Darǵa kórip sharayatqa keri is qılǵanı ushın Choponalini qamaqqa almaqshı boladı hám usınıń menen jas qız benen ushıraspaqqa imkaniyat tuwdırmaqshı edi. Olar tárepinen jiberilgen saqshılar Maysara úyine kirip keledi. Saqshılar Maysaranı alıp ketkennen soń Qozi sandıqqa jasırınıp turǵan Oyxondı urlap alıp ketedi. Qozi zindanında Maysara qutılıw jolların rejelestiredi. Sol waqıya Choponali apasın tawıp oǵan qashıwdı usınıs etedi. Biraq

Maysara Oyxondı qutqarmaǵanınsha hesh jerge barmaslıǵın aytadı. Qozi Maysaranıń aldına túsip pul menen Oyxondı gápke salıwdı usınıs etedi. Maysara razı boladı. Qozi úyinde Oyxon qayǵırıp Qozibabanıń jubatıwlarınan ashıwlanadı. Qozi Maysaraǵa Oyxonnıń ójetligin aytadı. Maysara Oyxonǵa óz sırlı rejelerin aytıp oǵan Qozi menen ushırasıwǵa hám Oyxon Qozinıń barlıq shártlerine razı bolıwın túsindiredi.

Maysara óz úyinde «Ullı miymanlardı» kútiwge tayarlıq kóredi. Birinshi bolıp Qozi keledi hám ele otırıwǵa úlgermesten áywan esigi taqıldaydı. Maysara Qoziga jiyeni kelgenligin aytadı hám qorqıp turǵan Qozi ústine ógiz terisin taslaydı. Solay etip Maysara Oyxonǵa «Ashıq» bolǵan Hidoyatxonǵa hayal qosıq aytqanın, Xoja Darǵaga on qaptıń ústine jawadı. Xalıq bul sharayat aldınan shıqqanlar ústinen kúledi hám opera Maysaranıń danalıǵınan, eki jas maqsetlerine eriskenleri hám quwanısh penen juwmaqlaydı.

«Maysaranıń isi» operası bul haqıyqıy komik (komediya) janrında dóretilgen shıǵarma bolıp bul shıǵarmada hawazlı, jeńil, obrazlar xarakterine say keletuǵın muzıkalar dóretilgen. Ásirese Maysara obrazın súwretleytuǵın-geydi óziniń shańaraǵı átirapında mehriban apa, jankúyer hayal, geydi, sharayatlarǵa kóre talapshań hám ótkir insan, erjúrek, qorıqpas, óz sóziniń ústinen shıǵatuǵın shaxs sıpatında operanıń tiykarǵı obrazı bolıp hár túrli muzıkalar quralları menen súwretlep kórsetilgen. Maysara apa atqaratuǵın nama hám qosıqlar Hamzanıń «Hoy ishchilar» qosıǵı tiykarında dóretilgen. Sebebi bul nama Maysara obrazına say bolıp hayaldıń ishki tuyǵı-sezimlerin ashıp beriwge járdem beriwdi kompozitor S.Yudakov jaqsı bilgen. Máselen Maysaranıń «Balalarım hámmesi jaqsı boladı» atamasındaǵı ariyası sózimizdiń dáliyli bola aladı. Sonıń menen birge Oyxon, Choponali, Qozi, Xoja Darǵa, Hidoyatxon obrazları muzıkaları da dóretpe mazmunın ashıp beretuǵın nama hám qosıqlar menen súwretlengen. Opera muzıqaları arasında xalıq nama hám qosıqları da bekkem orın iyeleydi. Máselen: «Oromijon», «Ushshoq», «Bilakuzuk», «Yor-yor» hám basqalar.

70-80 jıllar dawamında opera janrı jáne bir neshe shıǵarmalar menen bayıdı hám solar arasında balalarǵa baǵıshlanǵan operalar-S.Boboevtıń «Yoriltosh» va V.Xaettıń «Etikli pıshıq» shıǵarmaları bolıp tabıladı.

Solay etip opera teatrı hám opera shıǵarmaları aqırǵı waqıtta óz rawajlanıw jolınnan barıp hám bul janr respublika muzıka kórkem óneriniń jetilisiwine salmaqlı úleslerin qosıp kelmekte.

Juwmaqlap aytqanımızda operalar hár túrli temalarǵa tiykarlanıp jazılǵan hám onıń hár birinen, hár bir insan ózi ushın tálim tárbiya alıw múmkin.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – T. 2. – №. 3. – C. 270-273.

2. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
3. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
4. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 55-59.
5. Aysawle J., Kamalova G. M. SAHRA BÚLBÚLI ROZA QUTEKEEVA //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 60-66.
6. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.
7. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 875-879.
8. Niyazbaeva A. J., Kamalova G. M. CHANQOVUZ MUSIQA ASBOBI VA UNING TURLARI //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 1. – С. 26-30.
9. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 52-54.
10. Kamalova G. M., Axmetovna M. A. QOBIZ HÁM JIRAWSHILIQ DÁSTÚRLERIN SAQLAW //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – №. 1. – С. 123-126.
11. Kamalova G., Akhmetovna M. A. THE LEGACY THAT HAS COME DOWN TO US AS “JETI ASIRIM” //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – №. 1. – С. 117-122.
12. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – №. 1. – С. 40-42.
13. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – №. 2. – С. 85-87.
14. Тажетдинова С. М., Худайбергенова Г. Ж. Формирование музыкальной культуры студентов //Молодой ученый. – 2018. – №. 47. – С. 380-382.
15. Тажетдинова С. М. Народные песни как фактор развития личности учащихся //Вестник Курганского государственного университета. – 2018. – №. 3 (50). – С. 62-62.